

Asi mutumwa akati kwavari, "Musatya. Ndaya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. Nhasi muguta raDhahvidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidiro chezvifuwo." Pakarepo hondo huru yokudenga yakakonkwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: "Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira." Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, "Handei kubheterema tindoona chinhu chaatika ichi, chataudzwa nezvacho nashe." Saka vakakurumbidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria naJosefa, akanga avete muchidiro chezvifuwo. Vakati vamuna, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvakataurirwa navafudzi. Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakanngota sezvakanga vataurirwa.

40-06 The Birth of Jesus

www.GodsPeopleStudy.org

Bible Verses are Shona:

Ndimba dzomuBhaibheri muchishona chakare

Mumazuva iwayo Kesar! Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa neRoma vavereingwe. Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa. Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarrea achienda kuludhea, kubheterema guta raDhahvidhi nokuti akanga ari weimba yaDhahvidhi noworuzi rake. Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidiro chezvifuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musina nzvimbo yavo. Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwajehovha kwakavakomba, uye vakatya kwazo.

Ruka 2:1-20

Kuzvarwa kwaJesu

Kuzvarwa kwaJesu



Nhasi muguta raDhahvidhi mazvarirwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11



Nhasi muguta raDhavidhi mazvarirwa Muponesi;
ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11